

ENSTRIKSYON POU PREPARASYON SUPREP POU KOLONOSKOPI OSWA KOLONOSKOPI/ EGD

PASYAN: _____ RIVE A: _____ NAN DAT _____

POU YON RANDEVOU PWOSEDI AK DR. _____

√ 5 JOU ANVAN PWOSEDI A:

- **Tanpri li tout fèy enstriksyon sa a.**
- Pran preskripsyon pou preparasyon solisyon an nan famasi a.
- Planifye pou yon moun mennen w tounen lakay ou. Yon zanmi pèsònèl, manm fanmi oswa moun kap bay swen (ki gen plis pase 18 an) dwe akonpaye chak pasyan lakay li. Akonpayatè a dwe rive nan etablisman an (1) inèdtan apre lè randevou pwozedi a.
- Pasyan yo pwograme apre 3:00 pm yo dwe gen yon akonpayatè sou plas anvan 4:30 pm.
- Si pasyan an pran yon lòt randevou oswa anile nan senk (5) jou travay yo anvan randevou pou pwozedi a, yo ka fè peye yon frè \$ 150.00 pou randevou ki anile a.

√ MEDIKAMAN

- Pa pran sipleman fè pandan senk (5) jou anvan pwozedi a.
- Pou aspirin, medikaman pou dyabèt/ensilin, medikaman antikowagilasyon, medikaman kè, antikowagilan, ou dwe diskite ak Doktè w, Enfimyè Pratik an w oswa Asistan Doktè ou nan moman vizit biwo anvan pwozedi a.
- Ou ta dwe pran medikaman yo espesifye yo nan maten pwozedi a, jan yo preskri, 3 èdtan oswa plis anvan lè pwozedi a kòmanse ak sèlman yon ti gòje dlo.
- Pa sispann nenpòt medikaman sof si enstriksyon yo mande sa.

√ 3 JOU ANVAN PWOSEDI A:

- Ajiste rejim alimantè ou pou prepare pou pwozedi a. Sispann manje manje ki gen anpil fib ki gen ladan Sispann manje manje ki gen anpil fib tankou grenn, kinoa, nwa, pwa, mayi / pòpkòn, fwi kri, legim kri, ak son deble (bran) pandan **trwa (3) jou** anvan pwozedi a.

√ JOU ANVAN PWOSEDI A:

- Pwozedi sa a mande pou ou swiv rejim annapre a jou a anvan pwozedi a. Doktè ou ap detèmine ki rejim ou ta dwe swiv.

- | | | | |
|---|--------|------------|-----------------|
| <input type="checkbox"/> Rejim likid ki klè | Dejene | Manje midi | Dine |
| <input type="checkbox"/> Rejim ak Tikras Rezidi | Dejene | Manje midi | Dine- anvan 4pm |

SA YO OTORIZE SOU YON REJIM LIKID KI KLÈ: ji pòm, rezen blan ak ji seriz blan, bouyon, te, kafe (san lèt oswa krèm), Jell-O, krèm glase Italyen, krèm alo nan bwa, soda, Kool-Aid, Gatorade ak dlo.

Ou ta dwe kontinye likid klè sa yo jiska 4 èdtan anvan pwozedi a.

SA YO PA OTORIZE NAN YON REJIM LIKID KI KLÈ: likid koulè wouj, jòn abriko ak vyolèt, ansanm ak pwodwi sa yo: lèt, krèm, ekivalan lèt soya, krèm atifisyèl, ji ki gen chè (pa egzanp zoranj, panplemous (grapefruit), anana, tomat ak ji V-8). Manje solid pa otorize nan yon rejim likid klè.

SA KI OTORIZE NAN YON REJIM KI PA GEN ANPIL REZIDI: Likid klè jan yo mande sa, epi ou ka pran tou Ensure, Boost, ze, ak yogout san anyen ladann oswa awomatize san grenn oswa nwa. Yo pa pèmèt okenn lòt manje nan rejim sa a.

ENSTRIKSYON SOU PREPARASYON SUPREP– PA SWIV ENSTRIKSYON SOU BWAT LA

√ SWIV TABLO ANBA LA JOU ANVAN PWOSEDI A:

8:00 am jou anvan pwozedi a	Li enpòtan pou bwè anpil likid klè pandan tout jounen an pou evite dezidratasyon pandan preparasyon aswè a.
Premye dòz A 6:00 pm nan jou anvan pwozedi a	Vide tout sa ki nan yon (1) boutèy preparasyon entesten Suprep (6 oz) nan vesò yo bay pou fè melanj lan. Plen vesò a avèk dlo oswa nenpòt likid klè nan lis yo bay la (10 oz) pou rive nan liy ranplisaj 16 oz. la. Bwè tout kantite likid la pandan 30 minit k ap vini yo.
	Bwè omwen de (2) vè 16 oz. dlo oswa likid klè pandan 2 èdtan kap vini yo.

√ SWIV TABLO ANBA AL SIS (6) EDTAN ANVAN PROSEDI A:

Dezyèm dòz Sis (6) èdtan anvan lè yo pwograme pwozedi a _____	Vide tout sa ki nan yon (1) boutèy preparasyon entesten Suprep (6 oz) nan vesò yo bay pou fè melanj lan. Plen vesò a avèk dlo oswa nenpòt likid klè nan lis yo bay la (10 oz) pou rive nan liy ranplisaj 16 oz. la. Bwè tout kantite likid la pandan 30 minit k ap vini yo.
Sis (5) èdtan anvan lè yo pwograme pwozedi a _____	Bwè omwen de (2) vè 16 oz. dlo oswa likid klè pandan èdtan kap vini an. Ou dwe fini bwè 4 èdtan anvan lè yo pwograme pwozedi a.
Enstriksyon adisyonèl:	

√ KISA POU W ATANN:

- Atann pou gen pou pou souvan ak dyare nan 1 a 4 èdtan. Pran pasyans epi eseye mache pou ankouraje mouvman nan entesten yo. Rete tou pre yon twalèt. Kontinye preparasyon ou epi si apre 4 èdtan ou pa ta gen pou pou, kontakte biwo a.
- Atann pou pasee yon likid klè oswa jòn nan fen preparasyon ou an.
- Ou ta dwe pran dezyèm dòz preparasyon an menm si ou pase likid klè oswa jòn.
- Atann askeAtann aske yo ka anile oswa repwograme pou pasyan ki pa fè tout preparasyon yo epi ki pa prepare kòm sadwa.

√ KISA POU FÈ POU FASILITE PREPARASYON AN:

- Pasyan yo ka itilize padDesitin, Anusol, Tucks, oswa Vaseline pou kouvri zòn rektal la pou evite iritasyon pandan preparasyon an.
- Pasyan yo ka mete preparasyon an nan frijidè pou fasilite konsomasyon solisyon an.
- Pasyan yo ka melanje solisyon an ak Sprite, Ginger Ale (soda jenjanm), oswa limonad.
- Pasyan yo ka bwè solisyon an nan yon chalimo oswa kenbe nen yo pandan y ap bwè.
- Pasyan yo ta dwe ralanti epi pran tan ant dòz yo si yo santi yo gen kè plen.
- Pasyan yo ta dwe kontinye bwè likid ki klèjiska kat èdtan anvan pwozedi a. Pandan 4 èdtan yo anvan pwozedi ou, pa pran anyen nan bouch, pa menm dlo, pa moulèn chiklèt oswa sirèt. **Si ou fè sa, yap anile pwozedi a.**

√ LIS VERIFIKASYON DÈNYE MINIT:

- **Pran medikaman pou tansyon, maladi Parkinson, kriz epileksi, oswa medikaman pou opresyon, tanpri pran medikaman sa yo 3 èdtan oswa plis anvan tan pwozedi a kòm anse avèk sèlman yon ti gòje dlo.**
- Apa de medikaman ki anwo yo, pa pran anyen nan bouch pandan 4 èdtan anvan pwozedi a jan yo mande pi wo a.
- Si yon doktè te preskri w yon ponp pou opresyon, pote l avèk ou nan pwozedi a.
- Pote avèk ou pyès idantite ak foto ou, kat asirans, kopeman si sa nesèsè.
- Kite bagay ki gen valè yo ak bijou lakay ou epi mete rad ki konfòtab.
- Evite mete pafen oswa losyon nan jou pwozedi ou.

SOUPLE RANPLI:

NON MOUN KAP MENNEN W LAKAY OU: _____ RELASYON W AK LI: _____

NIMEWO TELEFÒN: _____